

Jilid 3-Dimensi & Konversi e-Book ku:
Tata Danamihardja



ROESDI DJEUNG MISNĚM

BOEKOE BATJAAN

**PIKEUN
MOERID2 DI SAKOLA SOENDA**

**KARANGAN
A.C. DEENIK djeung R. DJAJADIREJA**

DJILID KAHIDJI

DIGAMBARKEUN KOE W.K. DE BRUIN

‘S-GRAVENHAGE

BLANKWAARDT EN SCHOONHOVEN

1. BOEDAK LINTOEH



sok tikakarait kana pag  r. Koe kolotna papakeanana tara pati dioeroes, bongan gagabah. Omong   man, "Keun bae sugaran kapokeun."

Ka dieu, barudak! Maraneh geus papanggih djeung oedjang G  mbroe? Saha noe tatjan? Geura ilikan ieu gambarna.

Euleuh! Euleuh! ... geuning lintoeh nak  r. Pipina mani kar  bi beuteungna nj  mploe. Poegoeh! Pang dis  boet oedjang G  mbroe oge, da g  de beuteung.

Ari ngaranna noe sa  njana mah Oedjang Roesdi. "Dadaharanana oenggal poe beak doea kati," tjeuk   man. Ari deungeun sangoe salawasna meakkeun batoer. Barang hakanna taja eureunna. Ti barang hoedang n  pi ka doeg hees, soengoetna teu petot-petot njapek. Sakoer kahakanan noe kapanggih dihoeapkeun.

Tah kitoe sababna pang lintoeh teh!

Sore isoek teu aja deui gawena, ngan oelin bae di k  bon. Toeh geuning, badjoena, tjalanana, mani rarawing,

2. ADINA

Maraneh meureun geus warawoeh djeung adina, noe ngaran Nji Misn  m mah, nja? Lamoen paroho deui, tah geuning ieu gambarna.

Awakna Nji Misném henteu kawas lantjeukna. Ieu mah rada koeroe meueusan. Barang daharna teu pati gemboel kawas oedjang Gembroe. "Dina sapoe, ngan oekoer beak kedjo saboboko." Tjeuk indoengna mah.

Tjapek rahemna taja oesoemna. Lain boedak gémboel eta mah, nja?

Oemoer Misném ngan beda doeaa taoen djeung oedjang Roesdi. Oedjang Roesdi toedjoeh taoen, ari Nji Misném lima taoen.

Sore isoek saroea bae karésépna ngan aroelin.

Misném sok dibabawa koe lantjeukna ka kěbon atawa dadagangan djeung batoer tatanggana. Papakeanana tjara Roesdi bae, kalotor djeung saroeh. Di mana digaranti badjoena atawa sampingna, ari baralik geus rarawing. Koe sabab eta indoengna sok keuheuleun nakér ka eta doeaa boedak teh.

Na aja boedak balageur teuing, nja euj!



3. IMAHNA

Pěrěnahna imah Roesdi kira-kira saratoes lengkah ti hidji waloengan. Eta imah teh weuteuh keneh. Těpasna aloes sarta sakoerilingna disarigsig.

Geura oerang ilikan.

Tah ieu boeroeanana. Na, aja kěkěmbangan laloetjoe teuing, nja! Binihna bawa 'Pa Roesdi, basa manehna moelang ti pasar Bandoeng. Geura itoe tangkal

djambu, boeahna mani barodas. Nja ieu noe sok ditaraekan koe Roesdi djeung koe Misném teh.



Hajoe oerang ka gigireun imahna! Kade etah, bisi nintjak anak hajam. Euleuh euleuh mani rěnděj. Toeh di kolong!

Toeh geuning leuitna! Gigireunana aja lisoeng. Misném minděng pisan ngadjantěng di dinja lamoen indoengna keur noetoe teh. Oetjingna děpa dina panto leuit, taksiran keur toenggoe bisi aja beurit asoep.

Ari itoe, toeh noe di djero, kandang si Djaloe njaeta domba Roesdi, pamere bapana. Mindeng nakér dibawa oelin koe Roesdi sarta sok ditoempakan sakapeung mah, bari boentoetna dibebetot koe Misném.

Ajeuna si Djaloe teh semoe soesaheun pisan, sabab doenoenganana euweuh, atawa hajangeun njatoe, kitoe?

Di pipir imah aja soemoer. Ari itoe, toeh di djero beulah ditoe, pakandangan moending, njaeta sobat Roesdi noe pangbědasna. Oepama Roesdi, ngadoea djeung adina dina tonggongna, manehna tara beurateun.

Ajeuna mah hajoe oerang marulang bae. Ěngke di loehoer loba deui lalakon Roesdi djeung Misném.

4. SEMAH

Dina hidji poe, waktu barudak keur aroelin di buruan, djol aja semah, eureun deukeut imah Roesdi.

“Misném! Misném! Ka dieu,” tjeuk Roesdi

“Aja naon, ‘Di?’

“Ka dieu, ‘Ném! Itoe aja noe noempak koeda.”

“Saha nja, ‘Di? “

“Njao, da aing mah teu wawoeh,” tjeuk Roesdi.

“Euleuh-euleuh geuning ka oerang!”

Toeloej barudak disampeurkeun koe noe noempak koeda teh. Semahna toeroen tina koeda, bari njaloekan ka barudak, pokna, “Ka darieu oedjang, Njai, bapa djeung ēma araja?”

“Araya, bapa keur matjoel di kēbon, ēma keur ninoen di tukang.”

‘Ke! Koe koering rek dibedjakeun, nja!’ Doeana laloempatan, si Roesdi ka bapana, si Misném ka indoengna.

Ti kadjaohan keneh baroedak geus gégéroan njaritakeun aja semah mawa koeda.

“Saha, Djang?” tembal bapana.

“Teu njaho koering mah, Bapa! Da nanjakeun Bapa geuning! Sampeurkeun bae atoeh koe Bapa.”

“Aeh-aeh, geuning paman silaing ti dajeuh. Na silaing poho deui? Kapan ēmang Moerdiam eta teh!”

Toeloej semah diarakoe koe indung bapa Roesdi. Roesdi djeung Misném narendjokeun ti kadjauhan, teu daraekeun ngadareukeutan, da areraeun. Geus kitoe, djung maranehna arindit deui ka kěbon, aroelin.

5. MARAK

“Misném! oerang ěnggeusan bae kěkěbonan teh, “tjeuk Roesdi.

“Naha, ěnggeusan, Roesdi?”

“Oerang marak anggoer, noeroetan Bapa! Toeh, soesoekan itoe oerang parak.”

“Moal aja laoekan soesoekan itoe mah, měnding soesoekan noe deukeut leuit,” tembal Misném.

“Hajoe atoeh! Ambeh ioeh ongkoh! Pek sia njokot ajakanana, aing rek njokot patjoel. Toeh tjokot batoena Misném, keur měndět,” tjeuk Roesdi.

“Pek sia geura njair, kade bae bisi dipatil lele. Aing rek kokodok, soegan bae meunang laoek gěde, keur bapa.” Si Misném njair, si Roesdi kokodok.

Lila pisan barang alana teh, tapi tatjan meunang keujeup keujeup atjan, da poegoeh soesoekan leutik djeung saat.

Si Misném gěgěroan, pokna, “Roesdi! Roesdi! Ka dieu! Aing bantoean, ieu laoek gede, bisi leupas.” Ajakanana dikeueumkeun bae, ngadagoan si Roesdi datang.

“Keun bae koe aing didjaitna, Misném,” Tjeuk Roesdi. Eta doea boedak soesoerakan, aratoheun.

Barang didjait, geuning gamparan potong djeung roentah.

“Ih ari boedak doesoen,” omong Roesdi, “gamparan gamparan diseboet laoek.”

“Hajoe, ah! Oerang baralik, da euweuh laoekan.” Gamparanana těroes dibalangkeun.

Si Misném njoehoen ajakan, si Roesdi manggoel patjoel, njalampeurkeun ka indoengna.

“Ti marana sia, djaredjeblogan,” tjeuk indoengna.

“Si goreng patoet, euweuh deui gawe teh, ngan goejang djeung papanasan. Geura marandi kaditoe geus burit.”

6. OETJING ROESDI

“Ěmang! Geus ningali oetjing koering?”

“Atjan,” djawab pamanna

“Geura oerang tjaloekan, Meng, meng, tjing, tjing, tjing.”

“Misném, kamana si Pintjang?”

“Naha, ‘Djang, aloes teuing ngaran oetjing teh, bět si Pintjang?’

“Da eta soekoena pintjang, ěmang! Bareto katinggang soeloeh. Mana ajeuna oetjingna, Misném?”

“Eta sugaran, noe brag-brig-broeg di para.”

Tjoeit, tjoeit, tjoeit; tjit, tjit, tjit.....

“Euleuh keur newak beurit meureun!” Toeh geuning, da ěnja! Beuritna koe si Pintjang dibawa ka Roesdi.

“Toeh ‘mang, si Pintjang mah, ari meunang beurit teh sok ditembongkeun ka koering! Pangabisana si Pintjang rea pisan, naek, loentjat, disada, djeung ngodjaj.”

“Wah, moal ěnja aja utjing bisa ngodjaj!”

“Ih! Bisaeun, ‘mang geura tingalikeun.’ Si Pintjang diděpakeun koe Roesdi, bari diasoj-asoj, kawas noe ngodjaj, boentoetna ditarik.

“Toeh, ‘Mang, ngodjaj ari kitoe teh!’

“Edas! Ěnja bae,” tjeuk paman Roesdi.

Oetjingna rada keuheul ka Roesdi, pek malikan, ngoet kana beungeutna, toeloej loempat ka leuit. Roesdi ambékeun pisan ka si Pintjang.

“Toeh oetjingna asoep ka leuit, ‘Di!’” omong pamanna.

“Da oenggal poe oge sok di leuit bae, noenggoean pare, bisi koe beurit. Lamoen parena beak, ti mana koering nja dahar, atoeh moal lintoeh,” tjeuk Roesdi.


“Hih! Sia mah ngan barang hakan bae kabeuki teh. Koemaha ‘moen beuteung sia kemboeng teuing, toeloej ngapoeng kawas balon?’”

7. TJILAKA DOEANANA

Roesdi ngomong ka adina: “Misněm! Oerang ngangon domba hajoe, geus beurang!”

Eta doea boedak laloempatan, paheula-heula ka kandang domba. Roesdi noe pangheulana, toeloej mukakeun pantona.

Si Djaloe ditalian, toeloej ditoengtoen kaloeear. Geus di loear, henteu boeroe-boeroe diangon koe Roesdi, tapi dibawa oelin heula. Ditoempakan, didepakeun djeung diotjonan. Ari koe Misněm ditarik tjeulina, dibetot boentoetna djeung dibaboekan.



Domba ngambék, toeloej nangtoeng, gěpoek neunggar beuteung Roesdi. Hadena bae teu tarik neunggarna. Roesdi ngan oekoer laboeh djeung tjeurik wawaw-wiwu meueusan.

Tjeuk Misném: “Oelah tjeurik ‘Oedi! Adatna lalaki mah; djeung bongan sia ongkoh, naha atoeh si Djaloë diheureujan?”

Dombana loempat ka saoeng lisoeng. Toeloej diaroedag.

“Keun bae, Roesdi, entong dioedag, da toeloej ka kěbon geuning! Oerang noetoe bae ajeuna mah, keur parab hajam,” tjeuk Misném.

“Wah! Moal ēnja sia bisa noetoe, apan beurat haloena!”

“Pirakoe teu bisa noetoe mah, apan aing teh awewe, geura tendjokeun!” Si Misném toeloej njokot haloe leutik.

Gědoeg! Gědoeg! Gědoeg! Si Misném noetoe.

“Edas! Ěnja bae sia geus bisa noetoe.”

Si Misném atoheun nakér dipoedji teh, njékélna haloe lalawora, bari loeak-lieuk. Haloena kalesotan, gědak ninggang tarangna pisan.

Si Misném tjeurik aloek-aloeakan. Roesdi gěgéroan: “Toeloeng! Toeloeng! Toeloeng! si Misném paeh, katinggang haloe!”

Kolotna karageteun, laloempatan njampeurkeun. Si Misném ngadjongkeng, tarangna bantjoenoer. Koe indoengna dipangkoe ka imah, toeloej dioebaran koe beas djeung tjikoer.

“Wah, si Misném, kitoe-kitoe bae tjeurik; geuning aing tadi ditoebroek domba teu tjeurik,” tjeuk Roesdi.

“Na’ iraha sia ditoebroek domba?” tjeuk pamanna.

“Kapan tadi, ‘Mang! basa keur diangon.’”

“Adatna ari barudak balangor mah sok tjilaka,” tembal pamanna.

8. TUKANG GAMBAR

Sabada isa indoeng bapa Roesdi djeung pamanna ngawarangkong di tengah imah. Ari noe ditjaritakeun taja lian, ngan kabangoran Roesdi djeung Misném. Eta doea boedak ngan hahah-heheh bae seuseurian. Si Roesdi gagambaran koe apu dina panto. Ari si Misném milang doedoeitan siki asém toekangeun indoengna.



Kira-kira poekoel salapan baroedak teh laloempatan ka ᑕnggon, toeloej harees.

Gagambaran Roesdi dina panto katendjo koe pamanna.

“Aeh-aeh si Roesdi teh koetan bisa ngagambar! Naha sok laladjo wajang? Geuning itoe geus bisa ngagambar wajang!”

Tembal bapa Roesdi: “Kapan kamari koe Akang tas di bawa ti noe kariaan, ari di dinja nanggap wajang.”

“Paingan atoeh ari kitoe mah,” tjeuk pamanna Roesdi.

“Rasa koering ieu boedak pipintéreun, da tapakna geus tempong. Geura sakolakeun bae atoeh, Kang!”

“Har, kapan ᑕnggeus dibawa ka sakola desa, tapi saoer Goeroe, atjan tjoekkoep oemoerna, koedoe ᑕngke taoen hareup,” tembal ‘Pa Roesdi.

Neng, neng, neng, neng, neng, neng, neng, neng, neng, neng!

“Euleuh! geuning geus peuting; hajoe oerang marondok, bisi isoek kabeurangan ka sawah.”

Indoeng Roesdi toeloej merenkeun oeroetna ngaropi. Sanggeus kitoe, toeloej doeg sarare, talibra pisan. Harita di imah djempling tiiseun, kawas gaang katintjak bae. Noe kadenge sora beurit tingtjaroeit, tingkoeroetak, nareangan kahakanan.

9. WANGKONGAN PAMAN ROESDI

Isoek-isoek bari ngaropi, Pa Roesdi djeung pamanna tea ngawarangkong bae di dapoer, bari ngadagoan boeboej sampeu djeung sangraj soeoek.

“Sampeu djeung soeoek teh di pilemboeran mah ngan dipake deungeun ngopi bae, nja kang?” tjeuk paman Roesdi. “Ari di dajeuh mah rea-re a deui pigaweeunana.”

“Boelan toekang koering tas njaba ti Bandoeng, ti sobat koering, tangkoelak sampeu djeung soeoek. Di Bandoeng mah aja hargana ieu anoe diboeboej djeung disangraj teh, malah sok radjeun mahal. Babakoena sampeu digiling diarah atjina, ari soeoek dikampa diarah minjakna.

Harita koering djangdji ka sobat koering, sarta sanggoep mangnjiarkeun sampeu djeung soeoek, lamoen kira-kira gede oentoengna mah. Barang koe koering ditimbang timbang harga meuli djeung ngadjoeal teh, bét nikél hasilna. Koe sabab eta ajeuna koering sakalian bae rek balangsiar.”

“Ih, akang oge boga sampeu-sampeu bae mah,” tembal ‘Pa Roesdi. “Di Pasirlangoe sampeuna aja opat baoe, di Pasirmoentjang soeoek aja tiloe baoe. Kira-kira mahal hargana mah, noe Akang ‘ge rek didjoeal, geura hajoe oerang ilikan ka kěbon.”

Bral Pa Roesdi djeung adina, malah si Roesdi djeung Misném oge mariloe. Sadjadjan teu eureun eureun njarita hal sampeu djeung soeoek.

“Bapa, Bapa! Sampeu koering mah moal didjoeal lamoen teu pajoe satangkal sapeser mah,” tjeuk baroedak teh. “Djeung oelah didjoeal kabeh atoeh, bisi euweuh boeboejeun keur oerang.”

10. DI KĚBON ‘PA ROESDI

“Aeh-aeh! koetan kang Loerah Pareman teh beunghar, kěbon sampeu mani satoengtoeng deuleu, kěbon soeoek pirang loewoek. Ieu, lamoen didoeitkeun teh aja ratoes perakna, Kang!” tjeuk paman Roesdi.

“Ajeuna, keun bae koe koering oerang djoegal, asal poegoeh hasilna bae, Akang tampi laladangna.”

“Ih soekoer ari sanggoep kitoe mah,” tembal pa Roesdi ka adina. “Hajoe oerang badami bari ngioehan di saoeng. Tjik Roesdi ngaraboet sampeu satangkal pek boeboej, toeh di ditoe dina doeroekan.”

Bari ngioehan di saoeng, paman Roesdi njaritakeun deui panggilingan sampeu djeung ngampa soeoek. Kieu tjaritaannana:

“Sampeu teh saanggeusna digiling atawa diparoed pek digaléjan sarta ditjaian sameudjeuhna. Ti dinja toeloej dipérés bari disaring, ari geus beunang njaring ditampérkeun dina sababahha bak, diarah atjina. Ari hampasna atawa onggokna, eta oge didjoealan. Di Bandoeng onggok toehoer pajoe lima welas kétip sapikoel. Děmi atjina dikirimkeun ka nagara nagara sabrang sarta hargana mahal.

Prak-prakanana di panggilingan, koering hěnteu pati těrang běněr, da geuning rea nakér parabotna teh. Mangga ěngke bae ari sěnang- sěnang, oerang angkat kaditoe, ambeh oeninga atoeranana ongkoh. Oepami soeoek dikampa, diarah minjakna, babakoena koe oerang Tjateul di kota Bandoeng. Ieu oge, prak-prakanana njieun minjak kawas moal pati těrang ditjaritakeun koe koering oetoeh, langkoeng sae ěngke bae ari ka Bandoeng tea. Oerang sakalian ka pangampaan soeoek. Ari moelih ti pangampaan oerang ngagaleuh gěbleg sarěng ontjom.”

“Gěblegna keur parab laoek dibalong oerang.” tjeuk Misněm.

“Heueuh Něm, tapi ontjomna mah keur aing!”

Keur waktoe baroedak ngaromong kitoe, geus měndoeng pihoejdaneun.

“Hajoe!” tjeuk pamanna, “Oerang baralik, bisi hoedjan.”

11. GĚLAP

Kira – kira wantji bědoeg, noe ti karebon tea geus daratang ka lemboer, barang gek pisan di těpas imahna, tjoer bae hoedjan, gělap dor-dar taja eureunna.

Baroedak laloempatan ka imah, njoempoet bari njotjokan tjeuli sarta gěgěroan “Sieun gělap! Sieun gělap!”

Hoedjanna teu lila raat, ngan kari ngěproel kawas iboen, tapi gělap mah anggěr, dor-dar matak kětir keneh bae.

“Leuh! Hadena bae oerang geus něpi ka imah, tjoba lamoen diditoe keneh mah, keueung těměn kainggis teh bělědag dibentar gělap,” omong Pa Roesdi.

Barang keur ngomong kitoe, boerinjaj, boerinjaj, bělědag, djělěger, deukeut pisan sorana teh. “Moal salah tangtoe aja noe diběntar gělap, euj! Tah geuning aja anoe djědjéritan, gěgěroan” .

Barang toeroen, katarendjoeun, djělěma rame tinggarěro “Kahoeroean! Kahoeroean! Kahoeroean!”

Pa Roesdi djeung adina laloempatan, rek miloe mareuman seuneu.

Si Roesdi djeung si Misněm gěgěroan ka indoengna, “Toeloeng! Toeloeng!” bari tjeurik rawah riwihi, “Koering sieun kabeuleum! Sieun dibentar gělap!”

Ari si Misněm loeloempatan, toeloej njoempoet ka kolong.

“Ka darieu baroedak! Montong sieun-sieun, kapan aja Ěmadidieu,” Omong indoengna. Tapi si Misněm tjitjing bae di kolong, ari Roesdi ngaděděmpěs di para.

12. KAHOEROEAN

Barang Pa Roesdi djeung adina něpi kanoe kahoeroean tea, djělěma noe noeloengan tatjan pati loba, seuneuna keur meudjeuhna moentab-moentab tingbalělětok, tingbalělědoeg sora awi anoe bararitoe.

Noe tjeurik rawah-riwih, awewe patingdjerewet bari ngariringkik, baroedak laloempatan ngaler ngidul, Aki-Aki nini-nini digarandong koe anak intjoena, njaringkahan seuneu hoeroeng.

Jélëma-jélëma naroeloenganana teu poegoeh tjabak, lantaran kasima koe seuneu sakitoe gëdena. Silalatoe tingbélëwér, tingbélësat kawas aja noe ngaloeng-ngaloengkeun bae. Malah tepi deui ka imah sedjen, atoeh beuki tambah gëde bae seuneuna teh.

Jélëma-jélëma, aja noe ngëprakan koe gantar, ngaloeng-ngaloengkeun gëbog kana seuneu djeung ngabandjoeran koe tjai tina lodong.

Di soehoenan-soehoenan imah reuteum noe marawa eunteung djeung kérис, ditodjokeun kana seuneu. Anoe sawareh deui toembak diatjoeng-atjoengkeun. Pokna jelëma jelëma eta teh panjinglar seuneu.

Keur sakitoe riboetna kabénéran gér deui hoedjan lewh gëde batan tadi. Seuneu noe ngoentab tea ngadakngadak pés pareum. Noe naroeloengan toeloej baralik ka saimah-imahna.

Anoe taringgal di dinja ngan kari noe boga imah djeung tatangga-tatangga noe dareukeut, marantoean meres-mereskeun barang noe teu kahoeroean.

Tjik, baroedak, mana noe panghadena baris mareuman kahoeroean teh, koe tjai, atawa koe eunteung, atawa koe kérис djeung panjinglar noe sedjen?

13. OELIN

Isoek-isoek keneh Bakri djeung Djahri geus tingkoeroemoej handapeun tangkal limoes moeloengan boeah noe ragrag atawa oeroet kalong. Barang geus mareunang boeah, toeloej aroelin.

“Oerang njampeur Oedjang Roesdi heula, joe! Soegan aja keneh di imahna,” omong noe saoerang.

Ti kajauhan keneh eta baroedak geus gégéroan, njaloekan Roesdi.

“Djang Oedi....! Djang Oedi...! Kamana Djang Roesdi teh?”

“Soegan geus njaba, euj!” tjeuk noe saoerang deui.

“Tjik tjaloekan sakali deui, Kri!”

“Djang Roesdi.....! Djang Gembroe....!”

“Eueueueuj ieu euj dewek mah,” tembal Roesdi.

“Keur naon, Djang di hawoe?”

“Keur sidoeroe, euj. Tiris, bari noenggoean boeboej sampeu. Ke oerang djait heula sampeuna nja! Moeboejna opat sagěde gěde leungeun silaing. Hajang Kri?”

“Poegoeh bae, Djang, hajang mah.”

“Kop tah hidji. Sapotong sewang djeung Djahri. Ieu noe tiloe keur dewek sorangan.”

“Aeh-aeh, na beak tiloe londjor koe sorangan?” tjeuk Djahri.

“Poegoeh bae, malah koerang keneh sakieu mah,” tembal Roesdi.

“Na, ari silaing gemboel teuing, Di?”

“Iih, lain gemboel, euj. Beuki baranghakan ari kitoe mah.”

“Paingan sakitoe gembroena,” omong Bakri.

Roesdi nembal ka batoerna “Na,měnding mana, běgang kawas silaing djeung gěmbroe kawas dewek?”

“Nja, teuing atoeh,” tembal Bakri. “Hajoe euj, djeung tjitjing bae di hawoe mah měnding aroelin.”

“Da sidoeroe teh matak rea pare, tjeuk kolot oge. Ka mana oelinna, euj?” jawab Roesdi.

“Oerang kokoletjeren, joe! Meungpeung gěde anginna.”

“Koemaha dewek mah teu boga koletjerna,” tembal Bakri.

“Dewek ge teu boga,” omong Djahri

“Ka mana atoeh oelinna, euj?”

“Oerang titimploekan bae hajoe, sisi Tjigëde, meungpeung rea keusik keur gogorolonganana,” tjeuk Roesdi.

“Hajoe atoeh.”

Barang Baroedak lalaki keur ngomong kitoe, kadengeeun koe si Misnëm. Misnëm loempat njampeurkeun bari gégéroan “Koering miloe, Kaka Roesdi!”

“Ah, montong sia mah awewe,” tembal Roesdi. Misnëm njëntak ka Roesdi, “Na ari awewe oelah oelin?”

“Pek rek miloe mah, tapi ngadjak batoer sia heula, awewe deui!” tjeuk Roesdi. Broel baroedak teh, awewe lalaki ngaleut ka sisi tjai.

14. TITIMPLOEKAN

Barang geus deukeut ka sisi waloengan, baroedak laloempatan, paheula-heula datang ka sisi tjai. Baroedak awewe katinggaleun, tingdjarërit menta didagoan.

Roesdi gégéroan, “Kop djurig tjai, pëgat boedak awewe!”

Baroedak awewe beuki tarik galégéroanana. “Toeloeng! Lalaki, toeloeng! Aja noe ngoedag pandeuri!”

“Kop bae, lëbok,” tjeuk boedak lalaki teh. Teu lila baroedak geus nëpi ka sisi tjai.

“Oerang mandi heula,” tjeuk Bakri.

“Ah, èngke bae tas oelin!” omong noe saoerang deui.

“Oelin naon, tadi teh Roesdi?” Tjeuk Djahri.

“Apan titimploekan, euj!” tembal Roesdi.

“Koemaha titimploekan teh? Ngaranna ge kakara ngadenge dewek mah. Oelin model mana eta?”

“Model dewek bae,” tjeuk Roesdi. “Bareto nendjo baroedak oerang lemboer Tjigentur, aroelinna kitoe.”

“Na koemaha pětana, Di?”

“Heug ěngke koe dewek dipapatahan.”

“Lěbah dieu silaing njieun goegoenoengan koe keusik, sing loehoer, lebah ditoe silaing njieun hidji deui. Dewek rek njieun bobolaanana, adoekteuneun.”

Si Roesdi Njieun bobolaan koe keusik sagěde-gěde hoeloe. Bakri djeung Djahri njarieun goegoenoengan.

Misněm djeung baroedak awewe noe sedjen maroeloengan harěmis, keur doedoeitan.

Tjeuk Roesdi, “Hajoe oerang titimploekan tea, tah bolana hidji sewang, meunang mangnjieunankeun dewek. Barawa koe silaing hidji sewang, ka loehoer goegoenoengan. Ti loehoer, koe sariilaing gorolongkeun, sina diadoe, saha-saha noe peuraj bolana, eta noe eleh. Dewek noe njaksian dihandap, ěngke saha-saha noe peuraj bolana, eta noe giliran jadi saksi. Kaharti?”

“Poegoeh bae euj, hajoe atoeh!”

Pek baroedak teh aroelin, pilih gěnti noe naraek djeung noe jadi saksi.

Baroedak awewe laladjo bari njoerakan noe peuraj bolana.

Barang keur rame-rame aroelin, ger tjaah gěde nakér teu kanjahoan lěbna. Baroedak laloempatan, paheula-heula ka darat. Goegoenoengan pasir tea beak kabawa tjaah.

“Hajoe oerang baralik, bisi ditjarekan koe ěma.” Broel baroedak teh baralik, ajang ajang goeng, bari kakawihan, kieu kawihna:

*Ajang – ajang goeng, goeng,
Goeng goongna rame, me,*

*Menak Ki Mas Tanoe, noe
Noe djadi wadana, na*

*Naha mana kitoe, toe
Toekang olo olo, lo
Loba anoe giroek, roek
Roeket djeung kompeni, ni*

*Niat djadi pangkat, kat
Katon kagorengan, ngan
Ngantos kandjeng dalém, lěm
Lěmpa, lěmpi, lěmpong!
Ngadoe pipi djeung noe ompong.*

15. DONGENG PAMAN

Roesdi, Misněm djeung pamanna, sanggeus daladaharan sore, gek darioek di tēpas hareup. “Koemaha dongeng boehaja teh, mang?” tjeuk Roesdi. “Tjing mangga geura tjarioskeun, koering hajang těrang!”

“Jehu, kieu geura” tjeuk pamanna, “pek darengekeun!”

Roesdi djeung Misněm beuki dareukeutan bae darioekna ka pamanna, malah Misněm mah něpi ka menta dilahoen.

“Taoen katoekang ēmang njaba ka pakidoelan tanah Priangan, waktoe njiar barang dagangan. Dina hidji poe něpi ka sisi waloengan noe rea boehajana. Sawareh ngadarakom marojan dina keusik. Sawareh aja noe teuteuleuman, ngan katembong goebar-geborna bae. Harita ēmang teu wani deukeut ka sisi tjai, da sieun koe sakadang-sakadang noe sakitoe gědena, něpi ka rek nintjak sasak oge teu wani, da sieun dioedag.

Keur waktoe ēmang leumpang, di beulah girang aja awewe ngelek boboko kasisi tjai. Koe ēmang teu di geureuh-geureuh, da mana kitoe oge biasana, teu sieun koe boehaja. Eta awewe tea gog nagog dina batoe bari ngisikan. Sihoreng gigireun batoe aja boehaja gěde pisan, keur galasar goeloesoer mojan. Koe eta awewe tea roepa-roepana teu kanjahoan. Noe ngisikan tea ongkoh-ongkoh bae. Boehaja tea ti toekangeunana ngadodoho newak soekoena. Barang gěp digegel, awewe teh gěgéroan menta toeloeng.

Kabēnēran aja boedak noe njahoeun, toeloej manehna loempat bebedja ka kolot-kolot di lemboer eta. djēlēma-jēlēma ti lemboer ngabroel sapakarangna, rek noeloengan eta awewe tea. Tapi daratangna ēlat teuing, awewe teh geus teu aja, digusur boehaja ka djero leuwi, ngan kari beasna bae awoer-awoeran loehoereun batoe.

Jēlēma noe rek naroeloengan, roepa-roepana geus teu sieun deui koe boehaja teh, broes bae taloetoeroeboen kana leuwi. Lēp manehna nareangan awewe tea. Tapi weleh hēnteu kapanggih, taksiran geus digoesoer ka leuwi sedjen. Boehaja noe aja dina eta leuwi kawasna ngan hidji-hidjina, da boektina teu tempong deui noe sedjen.”

“Koemaha ari ēmang miloe mantoean neangan?” Tjeuk Roesdi.

“Atoeh poegoeh bae!” tembal pamanna “Sieun oge ngawajahnakeun maneh bae, da kolot boedak oerang-oerang dinja geuning tjrab tjroeb alantjroeb ka leuwi.

Djēlēma kabeh geus harandjat ti waloengan toeloej baralik, malah sawareh mah aja noe tjeurik aloek-aloeikan, taksiran baraja-barajana djeung anak-anakna”

“Lah matak karoenja nja, mang” Tjeuk Misnēm, bari baragadag birigidig ngomongna.

“Hadena bae di lemboer oerang mah euweuh sato kitoe, nja mang!” omong Roesdi. “Meureun oeing moal wani oelin djaoeh, da sieun dihakan boehaja” .

16. BOEHAJA

“Mang!” Tjeuk Roesdi, “siga naon ari boehaja teh, tjara goerame tjetjepetan?”

“Hih, lain” jawab pamanna, ieu mah boentoetna pandjang djeung reregean. Ari roepana siga bajawak, tapi gēde”

“Bajawak?” tjeuk Roesdi, “Noe sok ngahakanan laoek di balong oerang?”

“Enja!” djawab pamanna, “malah lamoen gede mah meh tjéples, teu kapitjeun sasieur-sieur atjan.”

Ari tjitjingna biasana ngaboeboehan di moeara-moeara waloengan, sabab di dinja sok loba kahakanan noe kabawa palid. Kakapeungan maranehannana oenggah oge ka darat, ngadon mojan atawa ngéndog. Ari ngéndogna teu noengtoet hidji-hidji seperti hajam, ieu mah disakalikeun bae dina logak, reana doea poeloeħ nepi ka saratoes siki”

“Ngeunah ari éndog boehaja, mang?” Tjeuk Roesdi.

“Ah teu njaho” dijawab pamanna, da tatjan ngasaan. Tjeuk noe beukieun mah, meureun ngeunah.”

“Naha eta boehaja teh tara eungapeun, salawasna tjitjing di jero tjai bae, Mang?” omong Misném, “ongkoh lain laoek eta mah.”

“Hénteu, da geus toeman” djawab pamanna. “Djeung deui oepama manehna teuleum, iroengna djeung tjeulina di pěptan koe lamad, soepaja oelah kaasoepan tjai. Oepama njeunghap, kakara eta lamad teh diboeka deui.”

“Mang!” tjeuk Roesdi, “Naon sababna djélëma sok aja noe diseboet boehaja?”

“Euh. Eta djélëma noe kitoe kalakoeanana tjara boehaja tea, njaeta djélëma djahat. Geuning boehaja sakitoe ngaroeksakna ka djélëma.”

“Koemaha, mang koelit boehaja teh leueur tjara běloet?” Tjeuk Roesdi.

“Hih, hénteu. Ieu mah karadak sarta kanděl”

“Na énja tjimata boehaja sok dipake djimat, Mang?” tjeuk Roesdi.

“Ih, oelah pertjaja” djawab pamanna, “eta kaomongan djélëma bae, da saenjana mah hénteu. Geura émang rek njaritakeun lalampahan hidji boedak, ngaranna Sardjan.

Manehna sakolana geus doea tahun, tapi kakara kelas hidji, sabab ngédoel tara daek ngapalkeun. Koe hal eta, koe goeroe-goeroena sok rémén diseuseul, malah sakapeung mah disétrap. Eta boedak geus ngadenge bedja, jen bapana boga djimat, tjimata boehaja, khasiatna matak diasih koe sagala djélëma.

Isoek-isoek, waktoe bapana ka tjai djeung indoengna keur ngisikan, karajap manehna ka ᑕnggon bapana, bari tjoengas tjingus, rek njokot djimat.

Sanggeus kapanggih, djoet toeroen ti imah, los ka iskola sarta ngomong di djero atina: “Ah, sageuj, djuragan goeroe teh teu asiheun ajeuna mah ka aing” .

Saëntasna ditongtrongan, boes asoep ka iskola sarta gek dioek dina bangkoe tĕmpatna. Leungeunna teu reureuh roempoe rampa kana soekoena, da sieun djimatna leungit.

“Sardjan!” tjeuk goeroena, “Koemaha raraban teh, apal?”

Sardjan ngab t m bae, teu lemek teu njarek da geus roemasa teu ngapalkeun. Goeroena b ndoe, sarta Sardjan waktoe b r nti teu meunang bidjil. Manehna ngomong di djero atina “Behna mah djimat teh euweuh gawena da ditjarekan mah teu boeroeng.”

Ti waktoe harita kakara eta boedak teh g tol sarta teu mangkoek saminggoe katjida nak r dipikanjaah koe goeroena.”

17. BOEDAK RAGRAG

Batoer Roesdi noe gal de ngaranna si Djahir djeung si Kadir. Dina hidji poe eta doea boedak njalampeur oelin ka Roesdi, ngajak ngala sajang tikoekoer dina tangkal tangkil. Roesdi atoheun nak r, da “ ngke rek dibere anakna” tjeuk si Kadir.

Barang n pi ka handapeun tangkal noe aja sajang manoekan tea, si Kadir terekel naek. Roesdi djeung Djahir ngadaragoan handapeunana. Kadir ngarangsod naek kana deukeut poetjoekna pisan, da eta sajang tea ajana di poentjak.

Baroedak noe doea, noe aja di handap, arongkoh-ongkoh bae aroelin bari ngadagoan anak manoek.

Geus sadjongdjongan lilana, kadenge koe Roesdi, di loehoer aja noe ngadarokdok. Barang ditanggahan, dahan noe ditintjak koe si Kadir tea peunggas.

Si kadir teu kaberoe moentang, koleang ragrag, gĕdĕboet ninggang batoe. Lila pisan si Kadir ngoedoepoeng teu oesik teu malik, ngan kadenge sorana bae gĕgĕroengan. Roesdi djeung Djahir gĕgĕroan, menta toeloeng. Teu lila broel baroedak noe sedjen daratang. Aja noe ngabandjoer, aja noe ngaroengkoepan koe dangdaoenan bari galageroaan “Tjareuh, tjareuh, tjareuh!”

Sanggeus hantĕm ditaroeloengan koe babatoeranna, koelisik-koelisik Kadir usik, tapi adoeh-adoehan keneh bae bari gĕgĕroan, teu bisaeun nangtoeng-nangtoeng atjan. Koe baroedak batoer-batoerna digarotong di bawa ka imahna.

Barang katendjo koe indoeng bapana, katjida pisan maranehanana karageteunana, bari nanja naon sababna pang ragrag. Koe si Roesdi djeung koe si Djahir dibedjakeun ti mimitina nĕpi ka ragragna. Si Kadir koe indoengna dibaloeran koe feas djeung tjikoer, bari djeung ditjeungtjeurikan.

Sanggeus katendjo Kadir rada tjageur, Roesdi djeung Djahir bebedja rek baralik.

Datang-datang ka imahna, Roesdi tjarita ka bapana, jen si Kadir ragrag, sarta koe manehna ditjaritakeun asal-asalna, saperti njarita ka bapa Kadir tea.

“Tah kitoe, Oedjang, toengtoengna boedak sok tataekan teh” tjeuk bapana. “Noe matak peupeudjeuh, sia mah oelah sok nalaktak, bisi tjilaka kawas si Kadir. Manoekna teu beunang, batina potong soekoe atawa potong leungeun.”

18. TJAAH

Oenggal-oenggal taoen tangtoe oerang manggih wakoe ngidjih. Lĕmboer-lĕmboer noe sisi waloengan, lamoen ngidjhina tea, sok radjeun katjaahan. Lamoen tjaahna gĕde, tjaina sok radjeun limpas ka darat.

Ari lemboer Roesdi pĕrnahna di sisi waloengan. Dina hidji poe, basa hoedjan gĕde, kabeh waloengan-waloengan, soesoekan-soesoekan tjaraah. Sawah-sawah, balong-balong kakeueum, malah rea pisan sasak-sasak noe paralid.

Tjaina waloengan-waloengan mani leber, rea nakĕr tatangkalan noe galede paralid kabawa tjaah. Hateup eurih mani meh mĕndĕt dina waloengan kawas-kawasna aja imah atawa saoeng kabawa palid. Toekangeun eta ngaboegigag

bangke ēmbe djeung bangke moending, ari bangke hajam mah teu kabilang deui, tina bawaning koe rea.

Tjaahna teu lila orot, tatangkalan njarangsang sisi waloengan. Kolot-kolot pahiboet ngaradekan rangrang keur soeloeh. Sawareh tingkalatjeboer nararikan kai ti tengah tjai, da noe di darat mah beakeun koe batoer.

Roesdi djeung batoer-batoerna oge aja di dinja. Tapi ngan narendjokeun ti kadjaoehan bae, da sarieuneun kabawa palid. Ti soesoekan leutik maranehannana manggih laoek, taksiran bae anoe kalimpaskeun koe tjaah tea.

Barang geus beak alaeunana, ngabroel baralik ti tjai, ngaleut marawa beubeunangannana. Sapandjang jalan rame noe saleuseurian saloesoerakan tina rea babawaanana.

Eta djĕlĕma ngomong kieu “Lah, hajang teh oenggal poe tjaah kawas tadi, ambeh teu soesah koe laoek djeung teu soesah koe soeloeh”


Tembal batoerna noe sedjen: “Ih, oentoeng soteh oerang, da ari batoer mah roegi katjaahan. Kĕbonna djeung pĕpĕlakanana leboer, imahna djeung parabotanana roeksak, malah sakapeung mah aja oge djĕlĕma paeh kabawa palid.”

19. TJARITA ‘PA ROESDI

Barang datang ka imah, Roesdi nanja ka bapana, “Bapa! Rĕmĕn tjaah kawas kitoe teh?” Jawab bapana, “Poegoeh eta mah, Oedjang, atoeh lain tjaah gĕde. Baheula, keur waktoe sia leutik keneh, imah teh kapan lain di dieu, di ditoe, deukeut pisan ka waloengan. Ieu, noe ieu mah anjar, da noe heubeul mah kapan beak, kabawa tjai.

Harita, waktoe tjaah gĕde tea lantaran goenoeng Papandajan bitoe, euleuh, aja riboet! Bapa ngagandong sia, Ņmangagandong si Misnĕm, loempat ti imah satakĕr tanaga. Hadena bae, barang geus nĕpi ka Pasirmoentjang, tjinain kakara lĕb ka imah. Teu lila imah roentoeh, djeung kabawa palid. Kandang-kandang moending kabeh kabawa, sasatoan teu hidji-hidji atjan noe kapoeloek. Bapa, ēma, sia djeung si Misnĕm meunang doea poe doea peuting tjitjing di pasir, ngarĕrĕb di saoeng leutik.

Barang tjaah geus saat, kakara toeroen deui ka lémboer; ari njampak, geus teu imah, teu naon teu naon, da kabeh kabawa tjaah. Balong kabeh baré dah, papakean teu satjiwit-tjiwit atjan; baranghakan sakapanggihna, hees saloengkar-salingkér di saoeng batoer. Waktoe tjaah harita, lain imah oerang bae noe palid teh, nadjan teu kabeh, imah batoer oge paralid. Saboelan ti sanggeus tjaah, rame ngaradéngkeun deui imah, rada beh pasir noe djauh ti sisi waloengan.



Tah imah ieu noe anjar diadegkeun teh, meunang koekoempoel djoedjoealan pare djeung barang noe di pihapekeun di Aki sia, di goenoeng. Hadena bae tjaah ayeuna mah teu gëde tjara baheula.

Lamoen tjaah gëde, sia rek kamana nja loempat?"

Tembal Roesdi: "Ah, rek menta digandong bae koe bapa, da bapa mah djangkoeng, moal ēnja katjaahan. Bapa kabawa palid kadjeun, da koering mah digandong. Si Misnëm meureun diais koe ēma, imah oerang moal ēnja kabawa palid, da gëde. Tapi ari hadena mah oelah tjaah deui da koering sok reuwas."

20. PILEULEUJAN

Geus meunang doeа minggu Moerdiam ngandjang di kolot Roesdi. Oenggal-oenggal poe njaba nendjoan këbon-këbon djeung palawidja oerang lemboer. Di dinja manehna meulian sampeu djeung soeoek, djoealeun deui di dajeuh. Malah Pa Roesdi oge ngadjoeal ti këbonna. Tapi boeboejeun Roesdi djeung Misnëm mah teu koerang, aja keneh doeа tiloe baoe deui mah.

Sakali mangsa, barang Roesdi djeung Misnëm haroedang isoek-isoek, di boeroean geus aja koeda meunang njelaan, toempakaneun pamanna sabab rek moelang.

"Mang, naha bët geus rek balik?" tjek Roesdi, "kapan kakara oge sakeudeung di dieu teh. Meureun nineung témén 'Mang, koering engke, djeung moal aja noe mangdongengkeun ka koering ."

"Hih, Oedi, moal lila oge ēmang balik deui. Doakeun bae sing salamet, ambeh oerang bisa oelin deui kawas bareto. Ajeuna ēmang kapan geus opat welas poe di dieu teh, koemaha da mëlang koe embina di lemboer."

Misnëm gawena tjitjing bae, teu lemek teu njarek, diuk gigireun pamanna, sëmoe ngoegoeng.

"Ah, oelah dipake ngoegoeng, Inëm," tjek pamanna. "Engke moen ēmang balik deui, rek barang kirim. Tjing hajang dikirim naon?"

"Mang, koering mah hajang roti koekoedaan, sisir pinti, djeung saboen seungit," tjek Misnëm.

“Heug, engke koe ēmang dikirim. ēmang ajeuna rek beberes heula.”

Teu lila geus beres, toeloej dalahar. Sabot dahar, Roesdi mah teu miloe njarita, ngan ngahantém nêtég beuteung bae, da bisi beakeun koe si Misném.

Sanggeus rengse daladaharanana, toeloej taroeroen. Roesdi djeung Misném maroentang kana leungeun pamanna, sabeulah sewang. Tjlak paman Roesdi mantjal koeda. Koedana nereleng.

“Wah, mamang mah moal ragrag, da geus toeman,” tjek Roesdi.

Toeloej indit.

“Pileuleujan bae ‘Mang,’ tjek Roesdi, “djeung roti keur Misném tea, oelah poho, nja!”

21. KAKARIAANAN

Indoeng bapa Roesdi samemeh arindit ka pasar, ngomong ka anakna: “Baroedak, sia montong mariloe ka pasar, da ēmaoge moal lila. ēngke ti pasar dikirim kahakanan djeung tjotjooan. Tjaritjing bae sia di dieu, toenggoean imah.”

“Heug!” tembal baroedak teh.

Indoeng bapana djoeng arindit kapasar.

Roesdi djeung Misném aroelin di tēpas.

Teu lila djol batoer oelinna, si Ramlan djeung si Iti.

“Keur naraon, euj?” tjeuk Iti.

“Keur oelin bae,” tembal si Misném.

“Něm! Oerang oelin hajoe, kasawah,” tjeuk Iti.

“Ah emboeng,” tembal si Misném. “da aing mah dititah toenggoe imah koe ēma.”

“Na ka mana indoeng sia, ‘Ném?’”

“Keur ka pasar, ‘Ti, malah djeung bapa ka pasarna. Di dieu bae atoeh oelinna Iti! Ņgke ari koe Ņmadikirim naon-naon ti pasar, sia dibere koe aing.’”

“Seug!” tembal si Iti.

“Oerang kakariaanan hajoe,” tjeuk si Misném.

“Pek, ke aing ngala daoen nangkana, keur sigér djeung beubeurna,” omong Roesdi. “Si Ramlan sina njieun papadjanganana koe dangdaoenan.”

Si Roesdi njieun sigér geus anggeus, make rarawis koe kékembangan.

“Tah deuleu, baroedak, geus anggeus sigér teh; pek sia pangantenna, Misném.”

Si Misném geus didangdanan, disigéran daoen nangka, beubeurna daoen nangka, didjieun kawas panganten, ari kongkorongna kékembangan.

Beunang ngadangdanan, toeloej broel diiring-iringkeun. Tatabeuhanana batok, kaleng djeung awi ditakolan. Baroedak tatanggana daratang ngariloe oelin. Atoeh rame bae aroelinna saloesoerakan.

Sanggeus iring-iringan ngoerilingan imah, gek pangantenna didioekkeun dina papadjangan tea.

Keur rame-rame aroelin, djol indoeng bapa Roesdi daratang ti pasar.

“Tah geuning baroedak teh balageur,” tjeuk indoeng Roesdi. “Top ieu kahakanan geura saridékah.”

Baroedak ngarioeng, baranghakan.

Sanggeus barang hakan, toeloej baralik ka saimah-imahna.

22. KA ONDANGAN

Di pipir imah Roesdi ngagoendoek sababaraha tanggoengan soeloeh. Tjaoe asak ngagantoeng sababaraha toeroej.

“Bapa! Tjaoe djeung soeloeh keur ka mana eta teh, rea-reo teuing?” tjeuk Roesdi.

“Kapan keur njamboengan ka djoeragan Tjamat, rek kariaan njepitan poetrana. Na’ sia teu njaho? Bapa djeung Ėmaisoekan rek ka ondangan ka katjamatan,” tembal bapana. “Sia djeung si Misnēm mah tjaritjing bae di imah, oelah mariloe da djaoeh.”

“Wah, teu oemoem bae baroedak ditinggalkeun di imah!” omong indoeng Roesdi.

Si Roesdi atoheun pisan ngadenge omong indoengna kitoe.

Isoekna djélēma-djélēma noe pinangoengeun keur njamboengan tea geus ngagimboeng di pipir. Aja noe nanggoeng soeloeh, nanggoeng tjaoe, nanggoeng soemboel, nanggoeng daoen djeung doea tiloe noe noengtoen ēmbe.

Barang geus sadia, broel aleutan tanggoengan tea diiringkeun koe Roesdi, toempak koeda ngadoea djeung bapana. Si Misnēm djeung indoengna ditandoe.

Kira-kira wantji bedoeg aleutan bapa Roesdi nēpi ka katja-katja Katjamatan. Di dinja Roesdi katjida pisan kageteunana nendjo jalma ratoes-ratoes, balawiri ka dieu ka ditoe. Babakoena noe keur arakoet-akoet djeung baleberes di balandongan.

Roesdi djeung Misnēm silih toel, sagala ditoendjoek, sagala ditanjakeun ka bapana. Roepa-roepana saoemoer kakara nendjo noe araneh-aneh soemawonna barang nēpi ka pipir balandongan mah, beuki roendag-randeg bae leumpangna. Matana baroedak teu ngitjeup-ngitjeup.

Indoeng bapa Roesdi toeloej ngahatoerkeun panjamboenganana ka djoeragan istri. Sanggeus disoegoehan dahar leueut, toeloej aroendjoekan, rek mihapekeun heula baroedak ka pondokna.

Barang datang ka pamondokan, Roesdi nanja ka bapana: "Bapa, keur naon saoeng noe gede tadi teh, naha dibalaan koe daoen tjaringin?"

Tembal bapana: "Eta ngaranna balandongan, kapan keur ᑕngke sore rek pesta di dinja. Hajoe, ᑕngke oerang laladjo djeung si Misném ka ditoe, nja! Tapi ajeuna tjaritjing bae didieu, toeh aroelin djeung baroedak. Bapa djeung Řmarek digawe heula di katjamatan."

23. PA ROESDI DI KATJAMATAN

Bapa Roesdi djeung ᑕmana gek darioek, tjong njarembah, ngadeuheusan ka Djoeragan Tjamat istri.

"Tah geuning bapa Roesdi djeung ᑕma?! Wantji koemaha daratang?" Saoer Djoeragan istri.

"Soemoehoen timbalan, n mbe dongkap bieu pisan, kaoelan," pioendjoek 'Pa Roesdi.

"Beh darieu atoeh tjaralikna," saoer Tjamat istri, "oelah deukeut teuing panto, eta kalalar kaliwat koe noe barang bawa."

"Teu sawios kaoelan!"

"Eh, oelah kitoe, beh dieu, da koela sono ongkoh."

"Gamparan," tjeuk amboe Roesdi, "abdi teh moeng soemedja ngadeuheusan bae, teu barang bantoen nanaon, moeng hatoer loemajan bae, doemeudeul koe tjongo rema, beas sakoelak, tjaoe sasikat sareng soeloeh sateukteuk."

"Beu, noehoen atoeh, ᑕma, sakieu oge asa ditambahan toelang tonggong bae koela teh. Djeung sa njana mah Řmadjeung bapa teh henteu diar p-ar p kikirimanana mah ngan n da dikokolotanan bae dina perkara aras-oeroes hadjat, da moal saha deui atoeh, katjonggah koela teh, ngan ka bapa djeung ᑕma."

“Sewoe-sewoe kasoehoen,” wangsoelan bapa Roesdi, bari tjang njembah, “djisim abdi rawoeh abdi gamparan, poen bodjo, diloemajankeun koe lingging gamparan, da mënggah katiasa mah teu aja pisan, kaoelanoen.”

Keur Djoeragan Tjamat istri njarios djeung bapa Loerah Pareman, sarta djeung ĚmaLoerahna, djol Djoeragan pamëgët soemping ka dinja.

“Tah geuning bapa djeung Ěmageus di darieu. Geus lila bapa?”

“Soemoehoen parantos, kaoelanoen,” pioendjoek ‘Pa Roesdi.

Djoeragan pamëgët gek linggih bari papariksa ka ‘Pa Roesdi. “Bapa, katjida pisan koela teh nja boengah, doemeh bapa boeroe-boeroe datang ka dieu. Ti waktoe ieu koela njerенkeun ka bapa sakoer kaajaan balandongan hade gorengna, beres henteuna, koela teu ngaborongkeun bapa. Noe pinoeloengeun noe pibantoeun mah teu koerang, ngan atjan aja anoe djadi kokolotna bae.”

“Sewoe noehoen, oepami djisim abdi diloemajankeun dianggo nja kabodoan mah, kaoelan!”

“Ěma,” saoer djoeragan istri, “ari koela njerенkeun sagala kaajaan di oebroeg, eta kabeh koela teu ngaborongkeun ěma.”

“Gamparan, atoeh abdi mah teu tiasa naon-naon, katiasa moeng saoekoer ngasoer-ngasoer seuneu, kaoelan. Namoeng sakitoe deui, oepami dianggo kabodoan djisim abdi mah, soemedja ngeureujeuh bae kaoelan.”

“Ěma, Bapa,” saoer Djoeragan Tjamat bari noendjoek kana pamasangan, “geura ngaleueut heula atoeh. Pek ka dinja sing warëg, bisi koerang tambahan deui.”

“Soemoehoen parantos tjekap pisan, ti tadi barang těda bae. Manawi kawidian, bade ningal ningal pipadamelaneun tea, kaoelan,” tjeuk ‘Pa Roesdi.

Djoeng ‘Pa Roesdi djeung pamajikana taroeroen ti pasamoan, ngaloris naon noe bakal djadi kabeubeurat maranehanana, sarta prak digarawe sakaperloeann-kaperloeannana.

24. PESTA

Wantji asar indoeng bapa Roesdi maroelang ti pagaweanana ka pondok. Roesdi djeung Misném kasampak aroelin keneh.

“Oedi! Iném! Geura marandi, geus boerit. Kapan rek laladjo pesta. Sanggeus marandi toeloej darangdan.”

Doer magrib, djélémá geus heurin oesik di aloen aloen, noe laladjo djeung noe daragang. Lampoe-lampoe di balandongan raang, tjaang kawas ti beurang bae. Ondangan-ondangan geus ngaberes, tatabeuhan geus gang-ging-goeng.

Kira-kira poekoel dalapan, beledoeg, borobot, pepetasan diseungeut hareupan balandongan, ditoemboe koe kembang api. Roesdi djeung Misném olahok bae bari moentang ka indoeng bapana. Maranehna karageteun, nendjo aja seuneu roepa-roepa, hejo, koneng, djeung beureum, tingbelewer di loehoer, tingberebet, tingbeledoeg kawas noe kahoeroean bae.

Barang kembang api geus beak, bring ngamimitian pesta, ngibingkeun panganten sepitanneun tea. Kapeutingnakeun ditoemboe koe menak-menak djeung ondangan-ondangan noe sedjen, ngabring. Bapa Roesdi oge miloe kana najoeban. Roesdi djeung Misném andeprok darioek deukeut panajagan.

Ti sore tepi ka isoek taja eureunna soesoerakan, agér-agéran noe seuseurian. Djélémá-djélémá noe laladjo beuki peuting, beuki pinoeh bae. Kolot boedak, awewe lalaki, heurin sakoeriling-koeriling balandongan.

Wantji soeboeh djélémá-djélémá noe laladjo geus baralik, tapi ᑕngkena, dimana geus beurang taksiran baralik deui ka aloen-aloen, sabab rek raramean deui maen reboetan, nanggap ogel djeung roepa-roepa deui pamaenan lian ti eta.

25. PESTA TI BEURANG

Karasmenan keur pesta ti beurang, di aloen-aloen geus dialoer tangkal djambe beunang ngabaloer koe gadjih. Di loehoerna digantoengan roepa-roepa kahakanan. Djadjangkoengan, maen tjolok, ngadoe domba, maen tjaloeng,

djeung tatabeuhan geus ngadjadjar: ogel, badoed, këndang pëntja djeung boentjis.

Noe laladjo geus ngabroel deui.

Si Roesdi djeung Misnëm koe bapana dipérnahkeun di kolong papangoengan menak-menak, ditoenggoean koe indoengna, da bapa Roesdi mah miloe tjakah-tjikih, ngoeroeskeun karesmenan.

Barang menak-menak geus koempoel di papangoengan, gér pamaenan ngamimitian, noe naekan tangkal djambe beunang ngabaluran koe gadjih tea geus ngarangsék, sorodot deui ragrag, naek deui, sorodot deui. Kitoe bae lila nakér. Sanggeus gadjhina dina tangkal tea roeroed, kakara něpi naekna ka loehoer. Kahakanan noe digantoeng-gantoengkeun di loehoer ditjokotan, dikandoengan dina samping.

Geus beak kahakananana, toeloej njorodotkeun maneh, atoeh gampangeun pisan toeroenna teh, henteu kawas basa keur naek tea.

Sora hoeloe domba noe diadoe tinggélëdoek malak rieut noe laladjo. Noe bogana ngabobotohan dombana.

Balap djadjangkoengan tingkëdëpoek noe lalaboeh. Hadena bae euweuh noe tjilaka.

Ogel, badoed djeung boentjis noeroengtoeng geus teu poegoeh dengekeuneunana.

Djélëma-djélëma noe laladjo ear-earan, saleuseurian rame pisan.

Kira-kira wantji bëdoeg pamaenan tea geus eureun kabeh. Tataboohan geus dibereskeun, djélëma-djélëma ngabroel baralik da pestana geus lëkasan.

Pasosore ‘Pa Roesdi oendjoekan ka Djoeragan Tjamat istri pamégét, amitan rek moelang.

26. LAIS

Karasmenan noe di aloen-aloen, kadjaba noe geus diseboetkeun tadi, aja saroepa deui, lais noe tatjan ditjaritakeun teh.

Di tengah aloen-aloen aja doea leundjeur gombong beunang nantjēbkeun. Laloehoer pisan: tjongona ditalian koe tambang, toeloej talina dipantēng kana tjongo noe hidji deui. Handapeun eta awi tatabeuhanana ngagēmbroeng, dogdogna noeroengtoeng djeung tarompet neretet. Teu lila terekel aja djēlēma naekan gombong noe saleundjeur rangsod-rangsod nēpi kana tjongona noe ditalian koe tambang tea. Dina tjongo gombong tea gek manehna dioek bari awina dipēlēndong-pēlēndongkeun.

Lah, aja koe matak pikareuwaseun, lamoen noe kakara laladjo mah meureun sieun awina roentoeh atawa peunggas. Lamoen roentoeh teh moal salah deui djēlēmana noe naek tea meureun rikēs awakna tina sakitoe loehoerna.

Bari dioek dina tjongo gombong, ber manehna moekakeun pajoeng, dipajoeng bari aleu-aleuan kakawihan djeung igēl-igēlan.

Roesdi djeung Misnēm laladjona mololot bae teu ngitjeup-ngitjeup, tanggah ka lais tea. Bari moentang kana leungeun indoengna. Ari bapana harita teu aja di dinja da kabagian tanggoengan oeroeskeuneun di katjamatan.

“Euleuh itoe!” tjeuk Roesdi, “na koemaha moal ragrag eta djēlēma teh, na bēt gagabah teuing. Hayoh bēt njoekang dina tambang tina tjongo gombong kana tjongo gombong noe hidji deui.”

“Enja bae,” tembal Misnēm,” gagabah pisan eta djēlēma teh, teu sieun-sieuneun ragrag.”

“Ah, moal daekeun ragrag atoeh,” tembal indoengna, “da lais mah boga elmu monjet. Lamoen teu make djampe mah tadi oge tangtoe geus ragrag.”

“Naon, ēma, djampe monjet?” tjeuk Roesdi.

“Heueuh” , tembal ēmana, “geuning monjet mah, nadjan tataekan koemaha oge tara ragrag, da bogaeun djampe naek. Tah lais oge pang bisa kitoe, make djampe monjet”

“Paingan atoeh ari kitoe mah” tjeuk Roesdi. Bari ngomong kitoe, matana Roesdi mah molotot bae, nendjokeun tingkahna eta lais tea. Tambangna diajoen-ajoen bari ngawih djeung ngigél bari nangkarak.

Anoe karageteun kana sapolah-polahna eta lais, lain Roesdi djeung Misném bae. Tapi meh sakabeh noe laladjo, tingaredas, tingaradoeh, heran koe pangabisana.

“Edas! Edas! Itoeh sila toetoeg dina tambang bari mësek kalapa djeung toeloej dibeulah,” tjeuk noe laladjo.

“Ah, soegan lain djéléma eta mah,” tjeuk noe saoerang deui. “da djéléma mah moal něpi ka kitoe pangabisana.”

“lih,” tjeuk noe saoerang deui. “pirakoe lain djéléma mah, kapan itoe sidik pisan hoeloena, awakna, leungeunna, teu beda ti oerang.”

Anoe laladjo tina sagala karasmenan meh kabeh karoempoel kana lais bae, da tina koe sakitoe anehna.

Ngan rada handjakal ngalaisna teu lila, da kaboeroe dipiwarang ěnggeusan.

Noe laladjo toeloej maroelang, tataboohan djeung karasmenan-karasmenan geus dibereskeun, sabab menak-menakna geus maroelih ka katjamatan.

Naha ěnja, baroedak? Lais boga djampe monjet?

27. ROESDI DJEUNG KOLOTNA BARALIK

Barang braj beurang, ‘Pa Roesdi djeung sabatoerna geus arindit ti pamondokan. Geus rada djaoeh, gok djeung aleutan Loerah-Loerah noe sedjen poe pada rek maroelang ka lemboer-lemboerna. Teu lila, aleutan noe sedjen aja noe mengkol ngaler, mengkol ngidoel, sadjalan-djalanna.

Geus rada panas meueusan, brek sabatoerna areureun handapeun tangkal tjaringin bari maroeka bebekelan, tingtjélëbék barang hakan.

Di loehoer tjaringin noe dipake ngioehan tea, tingjalékroh, tingkaroeck monjet djeung loetoeng pirang-pirang, kawas noe hajang mariloe barang hakan.

Si Roesdi njëmplek tjaoe tina sikatan, toeloej dialoengkeun, ditewak koe monjet rada gede; djol monjet djeung loetoeng noe sedjen ngareboet. Sorana di loehoer kai rame mareboetkeun tjaoe pamere si Roesdi tea, loeng koe si Misném dialoengkeun deui, nja kitoe keneh bae pareboet kawas tadi.

“Monjet! Naha sia atoeh henteu miloe ka ondangan ka noe kariaan kawas aing?” tjek Roesdi. “Moen sia miloe mah meureun seubeuh koe berekat.”

“Wah,” tjek si Misném, “moal ēnja monjet miloe ka ondangan, atoeh meureun ditarewak koe noe laladjo.”

‘Pa Roesdi djeung sabatoerna broel deui maroedoent ti handapeun kai. Barang geus rada djaoh dilieuk, monjet ti loehoereun kai tea taroeroen, tingkaroreh nareangan kahakanan dina oeroet djalma ngarioehan tea.

Sadjalan-djalan rea pisan sasatoan noe kapanggih, tjareuh, ganggarangan, bagong mah poegoeh deui, tinggoeloekgoek di noe bala, da enggonna. Malah di pasir noe djarauh ti djalan, aja oge oentjal djeung mentjek katendjo keur njaratoean.

“Leuh! Itoe oentjal” tjek ‘Pa Roesdi. “Lamoen teu tjape djeung toendoeh mah moro heula.”

“Ah, keun bae Djoeragan, boroeun pageto,” tjek pananggoengna, “keun ajeuna mah sina lalintoeh heula.”

“Toeh geuning lemboer oerang, nja bapa?”

“Mana, Roesdi?” tjek si Misném.

“Kapan itoe ngaroenggoenoek, toeh geuning imah oerang,” tembal Roesdi.

Wantji bedoeg ‘Pa Roesdi geus něpi ka lemboerna.

28. SOESOEMPIT

Sabada soeboeh ‘Pa Roesdi geus tjandoetroeng di tēpas hareup, keur meresihan soempit djeung njieunan paser. Manehna rek soesoempit bari ngalongok sawah.

Neng, neng,neng.....poekoel genep. Roesdi djeung Misnēm kakara baridjil ti enggonna.

Barang djol ka tēpas hareup, nendjo bapana keur njieun paser, Roesdi njampeurkeun bari koekoelinian djeung heuaj, omongna: “Rek soesoempit kamana bapa?”

“Ka sawah, bari ngalongok piboeateun!” tembal bapana.

“Koering miloe bapa!” omong Roesdi.

“Mana soempitna keur koering?”

“Ah sia mah montong nyoempit, ngundangan manoekna bae,” djawab bapana.

“Keur koering kabeh manoekna, nja ‘Pa? Rek dikoeroengan!’

“Ih! moal ēnja manoek meunang njoempit dikoeroengan,” tembal bapana.

“Hajoe rek miloe mah, kamana si Misnēm?”

“Rek miloe sia?”

“Ah, moal koering mah ‘Pa, rek miloe ka pasar djeung ēma,’ tjek Misnēm.

Bral ‘Pa Roesdi ka sawah. Di sawah njampak pirang-pirang boedak angon keur moro beurit.

Roesdi ngomong ka bapana: “Pa, koering rek miloe moro beurit heula nja keur panggangeun,”

“Ih! Teu oemoem, aja beurit dipanggang, apan sia mah rek ngoendangan manoek,” tembal bapana.

“Bapa! Itoe tikoekoer mani tiloe!”

“Tjitjing atoeh! Oelah tjektjok, bisi hiber!” tjek bapana

Tjeplok! gärepeks! gärepeks!

“Hoerih! hoerih! beunang! beunang! Baroedak kadarieu, aing meunang manoek!”

Baroedak angon laloempatan, njalampeurkeun ka Roesdi.

“Euleuh, geus meunang rea nja ‘Jang.’ omong baroedak angon teh.

“Ah, tatjan rea euj, kakara meunang lima.” djawab Roesdi

29. TOELOEJNA

Roesdi dirioeng koe baroedak angon tea, bari manoekna ditjarabakan djeung diarilikan.

Tjek boedak angon noe saoerang: “Euleuh! karoenja temen, eta manoek sAkieu aloesna bët disoempitan.”

“Wah, naha make karoenja!” tembal Roesdi, “bongan da sok njisilan bae pare. Na koemaha lamoen ēngke parena beak?”

Keur baroedak angon ngomong kitoe, Roesdi nendjo noe ojag-ojagan di tengah sawah.

Roesdi loempat njampeurkeun bapana bari ngomong lalaoenan: “Bapa, bapa, itoe naon anoe ojag-ojagan di tengah sawah?”

Bapana njampeurkeun ka Roesdi. Barang diilikan geuning oraj santja keur noempi.

“Baroedak, sia njalingkir ka saoeng, itoe djélëma anoe keur njieun saoeng, sina kadieu, oerang moro oraj kitoeh!” tjek ‘Pa Roesdi.

Baroedak laloempatan, paheula-heula ka saoeng; si Roesdi pangpandeurina loempatna, da beurateun koe beuteung.

Djélěma-djélěma broel njalampeurkeun ka ‘Pa Roesdi. Aja noe mawa paneunggeul, aja noe mawa bedog djeung salian ti eta.

“Mana orajna, Djoeragan?” omong djélěma-djélěma teh.

“Kapan ieu ngaringkoek,” tembal ‘Pa Roesdi.

“Euleuh-euleuh geuning mani sagede goeloengan kasoer,” omong djélěma-djélěma teh, ting harewos djeung pada batoerna. “Keun bae atoeh Djoeragan entong diheureujan! Teu wani koering mah sieun dilegleg,”

“Wah! Naha sieun! Da oraj teu matih, gede oge,” tjek ‘Pa Roesdi, “oerang arah koelitna, djoealeun.”

“Moal ēnja teu matih Djoeragan,” omong djélěma teh.

“Ih teu matih euj! Geura ēngke koe dewek di dongēngkeun, dongeng pang teu matih,” djawab ‘Pa Roesdi.

“Pek bae geura paregat, bari marawa paneunggeul, tapi kahade oelah ngaroeksak pare.”

Teu lila gĕr soerak kolot-kolot teh, orajna geus beunang, toeloej digotong ka saoeng.

Baroedak noe di saoeng ngadarēdēmpés bari ngaromong tingharewos djeung batoerna: “Meureun moal beunang euj, da oraj mah leuwih gantjang ngaleorna batan djélěma loempat.”

Omong Roesdi ka batoerna: “Wah, moal datang ka teu beunang euj, da bapa dewek mah toekangna kana njérék oraj teh”

“Toeh geuning naon itoe digotong,” Roesdi noendjoek bari nangtoeng.

Baroedak bengong, narendjo oraj noe sakitoe gedena, maranehna ngarioeng ti kadjaoehan bae bari tingtaroenjoek, teu waranieun njalampeurkeun deukeut kana bangke oraj tea.

30. ‘PA ROESDI BALIK TI SAWAH

Pasosore ‘Pa Roesdi balik ti sawah. Barang něpi ka lemboer, golongan oraj noe diiringkeun tea disina digolerkeun deukeut kandang embe. Si Djalu olahok bae, nendjokeun bangke oraj ngadjepat. Pamikir manehna; “Saoemoer hiroep tatjan manggih tjatjing noe sakitoe gedena.”


Harita Misněm keur aja di těpas. Barang katendjo Roesdi datang, manehna loempat njampeurkeun bari walahwah-weuleuhweuh kageteun koe oraj sakitoe matak gilana.

“Oraj timana eta teh, ‘Kang?’” tjek Misněm.

Koe Roesdi ditjaritakeun ka Misněm ti mimitina pisan něpi ka beunangna eta oraj tea.

“Naha sia teu miloe ka sawah ‘Něm!’” tjek Roesdi.

Tembal Misněm: “Kapan koering mah miloe ka pasar djeung ěma, ‘Kang! Di pasar, Ěma barang beuli rea pisan; lauk, ontjom, tjabe djeung deungeundeungeun sangu noe sedjen. Balik ti pasar, Ěma ngais boboko gede, pinoeh koe beunang barang beuli tea. Ari koering njoehoen tjetjeling, dieusi lauk djeung samběleun.”



“Naha rek naon, ‘Něm, balanja rea-rea?’” omong Roesdi

“Maneh teu njaho?” tjek Misněm, “kapan isoekan teh rek njalin. Tadi koering mantuan Ěma olah-olah keur soesoeguh noe digarawe.”

Bari ngaromong, boentoet oraj tea koe Roesdi ditarik-tarik dileor-leorkeun.

“Ih, oelah diheureujan, Oedi!” tjek Misněm, “bisi matjok.”

"Wah, moal ᑕංja!" tembal Roesdi, "kapan geus paeh ieu teh. Geura ᑕංke oge koe bapa koelitna disisit, ari laoekna rek diasakan, keur njoegoohan noe dibaroeat tea."

Omong Misném: "Teu oemoem Roesdi, laoek oraj dihakan."

Indoeng baroedak gegeroan ti imah: "Roesdi! Misném! geura kadarieu, sareupna, geura njaratoe. Geus njaratoe, doeg geura harees, bisi isoekan kabeurangan, oerang ka sawah."

31. KA SAWAH

Soeboeh-soeboeh indoeng Roesdi geus sadia sakoer bawaeun ka sawah. Geus rada beurang, anak-anakna diharoedangkeun. Misném geus hoedang, ari Roesdi gasak-gisik keneh, koeliat djeung heuaj.

Omong indoengna: "Rek mariloe sia ka sawah? Hajoh geura haroedang, toeh panonpoe geus bidjil, ari sia harees keneh bae. Tah ieu teko bawa koe sia, Roesdi, ari eta kendi koe Misném."

Djoeng indoeng Roesdi indit ti imahna, diiringkeun koe anak-anakna djeung koe boedjang-boedjangna. Teu lila geus daratang ka saoeng sawah.

"Euleuh, geuning rea pisan noe dibaroeat teh," tjeuk Roesdi. "Geura meunang deui oraj santja tjara kamari."

"Soekoer 'ge meunang hidji deui, ambeh hidji sewang djeung kami,' tjeuk Misném, "Hajoe ah! oerang mariloe diboeat!"

"Wah! sia kawas bisa, Misném."

"Atoeh rek diadjar bae, kang Roesdi."

"Tah etem sia, Di! Tah etem sia, Ném!" tjeuk indoengna. Eta doeaa boedak raresepeun nakér diboeat bari karakawihan.

Parebeubeunangan diboeat geus ngagaroendoek satoeroet-toeroet galeng, toeloej diarakoetan ka saoeng.

Geus rada beurang, brak daladaharan.

Roesdi, Misněm ngarioeng, dadaharanana djeung indoeng bapana. Tas dadaharan, pek deui sagawe-gawena.

Pak Roesdi ngamandoran noe diboeat, ari ēmana ngoeroes pare noe di saoeng. Baroedak noe doea laloempatan deui ka sawah, dialadjar diboeat.

Barang geus rada boerit, djélēma noe darerep tea karoempoel di saoeng. Koe indoeng bapa Roesdi toeloej dibagianan pare.

“Naha parena dibikeunan, bapa?” tjek Roesdi. “Atoeh moal pinoeh leuit oerang.”

“Har ari si Oedjang! Atoeh moal daraekeun diboeat ari teu diboeroohan mah.”

Sanggeus sararea kabagian pare, joeng arindit, toeloej baralik.

“Euleuh-euleuh, mani ngabroel itoe! Ari geus dibere pare mah, bět baralik, nja bapa?”

“Atoeh poegoeh bae, Djang,” tembal bapana.

Pa Roesdi, indoengna djeung boedjang-boedjangna toeloej meres-mereskeun pare beunang diboeat tea.

“Na enggeus diboeatna, bapa?” tjeuk Roesdi.

“Isoekan deui,” tembal bapana.

Indoeng Roesdi entep-entep wawadahan, djoeng disoehoen, ngiringkeun anak-anakna baralik ka lemboer.

32. ROESDI GĚRING

Barang datang ka imah, ŘmaRoesdi toeloej beberes di dapoer djeung di imahna, dibantoean koe si Misněm. Ari Roesdi toeloej asoep ka imah, bloeg ngěděng bari gěgěroengan.

Indoengna katjida kageteunana, nendjo si Roesdi geus ngalehleh, awakna panas kawas seuneu bae.

“Koe naon, oedjang?” tjeuk indoengna.

Roesdi gegeroan : “Ěma toeloeng! bapa toeloeng! hoeloe koering njéri pisan!”

Indoengna geus teu poegoeh polah, nendjo anakna goegoelingan. Harita keneh toeloej loempat ka sawah, bebedja ka salakina. Salakina kageteun pisan, sot pare, tjoel saoeng, leumpang gagantjangan ka imah, bari gěgělěnděng ka pamadjikanana. “Naha atoeh si Roesdi tadi di sawah, di sina papanasan” . Ari djol ka imahna, teu kira-kira pa Roesdi reuwaseunana nendjo anakna geus ēmpes-ēmpes bae.

Doea tiloe poe ti harita Roesdi katendjo koe kolot-kolotna rada tjageur.

Tjeuk Misněm : “Ka Roesdi geura tjageur atoeh, koering euweuh batoer oelin; embe djeung domba sok disarada bae, nanjakeun : ‘Ka mana djang Roesdi?’ Si Pintjang sok eong-eongan bae, neangan djang Roesdi” .

Roesdi geus bisa ngomong: “Misněm! isoekan oge aing tjageur, da ajeuna hoeloe geus teu njéri djeung sok hajang barang hakan” .

“Soekoer atoeh ari tereh tjageur mah, kaka” , tjeuk si Misněm.

Isoekna Roesdi geus bisa dioek, leuleumpangan di djěro imah.

“Ěma! Ĕma! dikamanakeun beuteung koering,” tjeuk Roesdi, “geuning ajeuna mah djadi kěmpleng, henteu njěmploe kawas bareto” .

“Keun bae, oedjang,” tembal indoengna, “moal lila oge lintoeh deui; geura beuki deui bae barang hakanna” .

Indoeng bapana aratoheun pisan, nendjo anakna geus tjageur deui kawas sasari.

33. GEUS TJAGEUR

Isoek-isoek Roesdi djeung Misném darioek di tepas toekang.

Roesdi ngomong ka Misném, pokna "Misném! hajoe oelin deui".

"Ah, Oedjang, oelah papanasan oelinna, bisi gëring deui", tjeuk indoengna.

"Moal, Ěma, da ioeh! Koering teh geus hajang papanggih djeung si Djaloë, lila pisan koe koering tara ditjoo."

Barang gok djeung ēmbena, embena teu nendjo-nendjo atjan; ari sasarina mah ēmbe-ēmbean bari ndjampeurkeun. Ari harita ngan dëpa bae teu ngalieuk-lieuk atjan ka Roesdi.

Koe Roesdi ditjaloekan: "Djaloë, sia teh poho deui ka aing, pedah aing bëgang?"

Roesdi koe si Djaloë diawas-awas. Lila-lila manehna njampeurkeun bari koetap-ketap, disada ēmbe-ēmbean. Moen djélëma mah meureun kieu pokna : "Aeh-aeħ! Koetan eta teh oedjang Roesdi? Bagea oedjang! Geus damang? Geuning ajeuna mah bëgang teu liotoeh kawas baheula?"

Meureun kitoe piomongeun dombana teh, lain?

Di pipir imah, oetjingna keur dëpa; eta oge koe Roesdi disampeurkeun. Biasana sok eong-eongan bari koepat-kepot boentoetna, tapi harita mah ngahérëngan, toeloej loempat naek kana tangkal djamboe.

"Pintjang kadieu," tjeuk si Misném, "sia teh poho deui ka oedjang Roesdi?"

Oetjing disada : "Eong-eong-eong!"

Lamoen omong djalma mah kieu : "Ih, lain oedjang Roesdi eta mah, da bëgang, da ari oedjang Roesdi mah liotoeh."

"Apan tas gëring," tjeuk Misném.

Koe si Pintjang ditendjo bae beungeutna, lila-lila ingéteun deui ka roepana Roesdi.

Oetjing toeroen tina tangkal, njampeurkeun ka Roesdi bari disada: "oeang-eong, oeang-eong." Meureun soendana mah : "Geuning ēnja oedjang Roesdi, djoeragan aing tea."

Ti poe eta mimiti si Roesdi oelin deui djeung tjotjoanana, saperti biasa katoekang-toekang.

34. DILONGOK KOE AKINA

Dina hidji poe Aki djeung ninina Roesdi daratang, maksoedna rek ngalongok ka Roesdi. Barang djol njampak noe gēringna geus tjageur.

"Tah geuning geus oelin deui. Dimana ari bapa, Oedjang?" tjeuk Akina.

"Teu aja, di sawah, kapan keur panen di dieu mah Aki.", tembal si Roesdi .

Kabēnēran pa Roesdi ti sawah datang.

"Iraha soemping Bapa?" omong pa Roesdi. "Bieu", tembal Aki Roesdi. "Ka dieu teh rek ngalongok noe gēring, maksoed tea mah; tapi ari djol, geus kasampak keur oelin di boeroean."

"Lailah, bapa! Kapan gēring katjida pisan si Oedjang teh, nepi ka teu daek barang hakan-hakan atjan; tah geuning, mani bēgang kawas kitoe."

Barang geus lila sosonoanana, baroedak toeloej aroelin deui. Ma Roesdi njadiakeun dadahareun, pa Roesdi ngala laoek ka balong.

Sanggeus sadia dahareunana, brak ngarioeng dadaharan. Tas dadaharan, toeloej ngawarangkong nepi ka peuting.

Isoekna bral ka sarawah. Si Roesdi didjaga pisan koe kolotna, teu meunang papanasan deui bisi gēring kawas bareto.

Pasosore Aki Roesdi, ninina djeung kolot-kolotna baralik ka lēmboer.

Aki djeung nini Roesdi meunang saminggoe ngarandjang di kolot Roesdi. Barang kadalapan poena, Aki Roesdi rek balik ka lemboerna, djeung Roesdi diamitkeun ka bapana, disina ngandjang ka Akina.

"Sae si oedjang rek ditjandak mah, ngan oelah lila teuing djeung diditoena peupeudjeuh mihape, bisi oelin teu poegoeh, maloem boedak bangor." tjeuk pa Roesdi.

Tembal Aki Roesdi: "Oelah melang, koe bapa tangtoe dioeroes pisan, da kandjaah bapa oge moal beda ti indoeng bapana."

Geus kitoe, pek koe Aki Roesdi ditangtoekeun poena piinditeun, njá eta dina poe Ahad, minggoe hareup.

35. PASINI

Oenggal poe, waktoe Aki Roesdi aja di anak intjoena, dihormat-hormat bae, roepa-roepa kadaharan noe ngareunah dipopoedjoehkeun.

Sabada saralat Isa, Aki Roesdi dirioeng di tengah imah koe baroedak noe doeaan.

"Amboe Roesdi! Bapa mah koe hajang leumeung kétan anjar," tjeuk Aki.

"Endja bae, Ma, moen isoekan ngaleuemeung di sawah. Heg, mawa bakakakna noe gadjih," tjek Roesdi.

"Angot ieu mah si Boesang, aja djalan komo meuntas," tjek ēmana.

"His, kapan ngahormat Aki, koering mah ngan rek ngabantoean daharna bae," tjek Roesdi.

"Heg atoeh, tapi ajeuna sia koedoe mangnembangkeun Aki," tembal ēmana.

Toeloej Roesdi tembang lagoe poetjoeng, kieu pokna:

*Iroeng mantjoeng dieunteupan laleur tiloe;
ditépak teu beunang;
eunteup kana biwir djébleh;*

hoentoe tonggar dieunteupan bango boetak.

"Aaaaah!" tjek Misn  m.

"Euleuh-euleuh koetan si oedjang teh geus bisa tembang," tjek Aki.

"Hih, aja keneh, Aki, hidji deui. Geura koe Aki dengekeun."

Peujeum sampeu dagangan ti Rantjapoeroet.

Didjoeal doe   sadoeit,

Diboengkoesan daoen waroe,

ditoeroeban daoen djati,

katoeangan anoe ompong.

"Geus taw  kal si oedjang mah, geus bisa makajakeun ka kolot teh," tjek Aki.

"Toeloes isoekan ngaleuemeung teh, nja   ma, da enggeus t  mbangna mah," tjek Roesdi.

"Heg," tembal indoengna. "ajeuna mah geura sarare bae, bisi tinggaleun ngaloeloe haneuh."

Toeloej baroedak ka ar  nggon.

36. MAJOR

Isoekna, soeboeh-soeboeh, Ma Roesdi geus ngagigihan leuemeungeun. Kalapana, doew  gan santri, geus dikoekoem. Sanggeus sadia kabeh, toeloej indit ka sawah; si Roesdi manggoel iteuk akina, ari si Misn  m ngais leuemeungeun.

Barang datang ka sawah, ndjampak geus rea djel  ma noe ngimeutan gogorontong. Bapa Roesdi toeloej nitahan boedjangna, ngala awi tali noe ngora keneh saleundjeur keur ngaleuemeung. Geus kitoe, toeloej dikelengan sарoeas-sарoeas. Ari amboe Roesdi ngagalokeun gigih, kalapa djeung oejah.

Sanggeus kitoe, pek dieusikeun kana roeas sarta toeloej ditanggeuh-tanggeuhkeun kana paranggongna, noe beunang ngadadak njieun harita, pek diseuneuan ti handapna.

Kabeneran aja roeas hidji, teu kaeusian. Si Misněm toeloej ngala daoen taleus, pek dilelegkeun kana roeas tea. Heg ditjaian saeutik sarta diasoepan oejah, koentji, tjabe, bawang djeung katoembar djintěn. Sok diteundeun deukeut roeas-roeas leuemeung. Sanggeus ngagolak taina, toeloej dirodjok koe awi soepaja djadi lempoer djeung rata asakna.

Kira-kira wantji pětjat sawed, leuemeung djeung loto papasakan si Misněm tea asak. Lotona ditamplokkeun kana djadjambaran, ari leuemeungna pek dibeulahan.

“Leuh, na aja seungit, nja Ěma!” , tjek Roesdi.

“Ieu mah leuemeung noe saroeas keur koering bae sorangan, lotona sing rea kana batok, laoek hajamna pingpingna, ambeh seubeuh, nja ‘Ma?’”

“Heg, dapon geura lintoeh deui bae,” tjek indoengna.

Toeloej baroedak dahar, balaketjrakan, soekan-soekan rioeng moengpoeloeng.

Pasosore toeloej maroelang deui ka lemboer.

